

# PWOTEJE KANADA KONT LAFYÈV POU SO AFRIKEN

Lafyèv pouso afriken (ASF) se yon maladi ki mòtèl pou kochon epi li ta ka detwi endistri kochon nou an, sa ki ta gen gwo enpak sou ekonomi Kanadyen an. Kit ou ap vwayaje pou travay oswa pou plezi, anpeche ASF gaye atravè lemond se responsabilite tout moun.



## PA POTE PWODWI KOCHON NAN BAGAJ OU

Si w ap vwayaje soti nan yon peyi ki enfekte ak ASF, ou ka mennen maladi sa a Kanada atravè pwodwi kochon enfekte ki nan bagaj ou. Kochon yo ka atrape enfeksyon an si pwodwi kochon sa yo rive sou yon fèm kote yo gen aksè ak li, oswa si kochon sovaj manje pwodwi sa yo nan pil fatra epi gaye ASF bay kochon ki sou fèm yo.

## PA VOYE PWODWI KOCHON PA LAPÒS

Mande zanmi ak fanmi ou pou yo pa voye pakè ki gen pwodwi kochon Kanada. Nan anpil ka, sa ilegal, epi yo ka voye san konnen manje ki enfekte epi ki ka enfekte kochon Kanadyen yo.



## DEKLARE TOUJOU

Sonje: Deklare tout manje ak tout pwodwi bêt lè ou rive Kanada, sinon ou ka resevwa yon amann ki rive jiska 1300 dola Kanadyen.

## TRAVAYÈ AGRIKÒL K AP VWAYAJE POU KANADA

Si ou se yon travayè agrikòl k ap vwayaje soti nan yon peyi ki enfekte ak ASF, asire w ke tout rad ak ekipman ou yo pwòp. Sonje ke bay kochon manje vyann ilegal nan Kanada, epi li pi bon pou evite bay kochon nenpòt dechè manje.

